*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЬУДУЛЛЪИ

№63
(9705)

2015 соналъул
17 июль

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

# *КIАЛ БИЧЧАН КЪОЯЛЪУЛАЛ БАРКИЯЛ*

## ДУН БОЖАРАВ ВУГО



Бисмиллагьи ррахIмани ррахIим. Ассаламу гIалейкум, районалъул киналго диналъул вацал ва яцал! АлхIамдулиллагь, нилъеца киназго хIаракат бахъана халкъалъе рахIматлъун Аллагьас кьураб Рамазан моцI ТIадегIанав Аллагьасе цIикIкIун гIибадат гьабиялдалъунги, садакъаби гIемер гьариялдалъунги, цоцал адаб-хIурмат цIуниялдалъунги, Аллагьас нажасаллъун рикIкIун ругел гьибат-бугьтан, мацIихъанлъи, гьерсал рицин, цIогьоди, рекIел хьублъи ва лъугIинго гьечIеб жахIда-хIусудалда рукIин гIадал нахъегIанал пишабазе гIоло ракIбацIцIадаб тавбу гьабиялдалъунги кIодо гьабизе.

Божарав вуго Рамазаналъул хиралъиялъги ва баракаталъги гIадамазул ракIазулъ иманги, рацIцIалъиги, сахаватлъиги ва бищунго аслияб-Аллагьасдасан хIинкъиги цIикIкIинабун батиялда.

Дица ТIадегIанав Аллагьасда гьарулеб буго гьеб кинабго нилъер ракIазулъ цIунеян.

РакI-ракIалъго баркула киназдаго Рамазаналъул гIидалъул байрам! Гьарула киназего талихIаб, Аллагьасдасан хIинкъараб ва Гьес цIунараб гIумру!

Дагъистаналъеги улкаялъеги рекъел ва цебетIей!

**МУХIАМАДНУР-ХIАЖИ,**
**районалъул къади .**





**Гьанжеги къокъана шагьру Рамадан**
**РахIматал гIемераб гIажаибаб моцI**
**ГIадамазул рекIелъ гурхIел бижунеб**
**ГIагарлъи цолъулеб дин чIаголъулеб**

**Рамадан къокъунеб гIидалъул къоялъ**
**ГIадамазул цолъи буго бихьулеб**
**Биччанте гьеб рокьи цIунун хутIизе**
**Иргадаб Рамадан тIаде щвезегIан.**

## ДУН ВОХАРАВ ВУГО



-Хириял районалъул бусурбаби-гIиссиналги чIахIиялги, кидаго гIадин исанаги нилъеца бищунго хириял байрамазул цояб гIадин, рохалида кIодо гьабулеб буго Рамазаналъул гIидалъул къо.

Дун кутакалда вохарав вуго гьеб хирияб ва баракатаб Рамазан моцI районалда чIара-хьараб хIалалда ва кIудияб адаб-хIурматалда иналдасан. РакIчIараб буго Рамазан моцIалъ ва гьеб кIодо гьабун гьарурал гIибадатаз районалъул гIезегIан гIадамал кантIизарун ратиялда, гIадамазда гьоркьоб вацлъигун гьудуллъи щулалъун букIиналдаги, жахIда-хIусуд тIагIун букIиналдаги ва Аллагьасдаги гIадамазда цебе бугеб жавабчилъи борхун батиялдаги.

Дие цIакъ бокьилаан гьел киналго хасиятал гIадамазул щивасулъ рихьизеги, щулалъизеги ва цIунун хутIизеги.

Дица ракI-ракIалдаса баркула районалъул щивав бусурманчиясда КIал биччан къоялъул байрам!

Биччанте исанасеб Рамазаналъ нилъее, Дагъистаналъегиваулкаялъегоги кьун батизе баракатаб, талихIаб, рохалилаб ва гьарзаяб гIумру!

**М. ПАТХIУЛАЕВ,**
**районалъул бетIер.**

# Рамазаналъул гІидалъул къоялъул какил хиралъи

*(Нижер гьариялдалъун гьелъул хІакъалъулъ бицунеб буго Болъихъ росдал дибир ГІумарица)*



Рамазаналъул гІидалъул къоялъул хиралъиги, гьелъул адабалги ва гьелъул суннатаб какил шурутІалги киназдаго, батІаго гІолохъанаб гІелалда лъалел гьечІолъиги хІисабалде босун, цойги нухалда ТІадегІанав Аллагьасе гІоло бицунеб буго гьезул хІакъалъулъ.

КІал биччаялъул гІидалъул фитІралъул къо байбихьула Рамазан моцІрол ахирисеб къоялъул маркІачІул какалда хадуб. Гьеб къо ккола исламалъулал бищунго хирияб байрамазул цояблъун.

Бусурбабазе лъикІаблъун бихьизабун буго Рамазаналъул ахирисеб къоялъул маркІачІул какалдаса хадуб такбир бачине байбихьизе. Гьебги гьадинан бачуна:

**«Аллагьу акбар, Аллагьу акбар, Аллагьу акбар. Ла илагьа илла ллагьу ва ллагьу акбар, Аллагьу акбар ва лиллагьил хІамд»**-абун.

Гьеб бачуна радал гІидалъул как базегІан, бокьараб заманалда къасиги, сардилъги ва радалги.

ЦІакъго бещараб буго, ТІадегІанав Аллагьасе гІоло гьеб сордо Къуръан цІалун, салават битІун, зикру бачун ва дугІа-алхІамалда чІаго гьабуни. ТІубарабго сордо борчІизабизе кІолеб, яги санагІатлъи гьечІони, рес рекъараб гІанасеб заманалда гІаги гьабизе лъикІ буго. Аллагьасе гІибадат гьабиялдалъун нилъеего кири босулеллъун рукІине лъикІ буго. Гьединги рес рекъечІони, лъикІ букІина боголилги рогьалилги какалгІаги жамагІат гьарун разе.

Гьединго лъикІаблъун бихьизабун буго, гІидалъул какде рогьилелдего нилъеего рацІцІалъиги гьабун хІадурун рукІин. Гьелде гъорлъе уна:рас къунцІи, малъал къотІи, черх чури, гьеб къоялъ ретІизе бацІцІадаб ретІел-хьит хІадурун тей, берцинал махІал гьари ва мажгиталъуре гІидалъул какал кватІулаtoday... 

Бещараб буго гьеб байрамкъоялда ракІа-рахарун, рази-ракияб ва роха-хинлъараб тІагІаталда рукІин. Гьединаб хІалалда кІалал къабул гьаризе ккола данде ккара-ккарал бусурбабазда-гІисиналчІахІиял батІа гьаричІого.

Суннатаб буго кІал къабул гьабизе мадугьалзабазухъеги, гІагарлъиялъухъеги, гьудул-гьалмагъзабазухъеги ине. ЦІакъго хирияб буго унта-шокълъаразухъеги кІудиял гІадамазухъеги ин.

Гьеб мурадалда нилъехъего рачІаралги роххалида къабул гьаризе ккола.Гьелде цебеккунго хІадурлъи гьабизеги ккола.

Гьединан хьвадулелги рукІун, кинго кІочене бегьуларо гІидалъул закагІат-сахІал рахъизеги ва гьел жиндир заманалда кьезеги.

Рамазаналъул гІидалъул как ккола суннатаблъун. Гьеб бала кІиго ракагІаталда. Гьеб базеги ккола бакъ хочол манзилалда борхараб заманалда. Гьеб ккола бакъ баккун сагІтиде гІагарун заман араб мех. Гьеб базе бегьизабун буго рукъо-рукъобги, амма бихьиназе мажгиталда базе цІакъ бещараб буго.

ГІидалъул какие нигат гьабула гьадинан:

**«Дица нигат гьабула кІал биччаялъул гІидалъул суннатаб как базе имамасда хадуб ТІадегІанав Аллагьасе Аллагьу акбар»**-ян.

Хадуб «Аллагьу акбар», ян как бухьина Лъалес «Важжагьту» цІалила, хадуб как бухьунаго гІадин «Аллагьу акбар»ян абила ва такбир бачина.

Гьелдахадуб **«СубхІаналлагьи валхІамдулиллагьи ва ла илагьа иллаллагьу Аллагьу акбар»-ян абила. Гьедин такбир бачина анлъго нухалда ва щибалда хадуб «СубхІаналлагьи…»** абураб калимаги абила.

Ахирисеб, анкьабилеб нухалда **«Аллагьу акбар» абун хадуб «АгІузу….»** бахъун АлхІамги цІалун, цогидал каказдаго гІадин, рукугІалде уна ва тІаде ворхула.

КІиабилеб ракагІаталъе вахъарабго **«Аллагьу акбар»**-ян кверал рорхила ва такбир бачина.

Гьеб бачина щуго нухалъ ва ункъго нухалъ **«СубхІаналлагьи…»** такрар гьабила. Хадуб **«АгІузу…»** бахъун АлхІам цІалила ва къула ворхила ва накабазда чІун АттахІияту цІалила ва салам кьела.

ТІадехун рехсарабщинаб жо лъаларез **«КІал биччаялъул суннатаб кІиго ракагІаталъул как базе»,**-ян нигатги гьабила ва гІадатияб къагІидаялъул кІиго ракагІаталъул какги бала. ГІидалъулаллъун рикІкІуна гьезул гьел какал.

ТІадегІанав Аллагьас къабулаллъун гьарейги нилъ киназулго исанасел кІалалги ва гІидалъул какалги.

ТІасияб соналда жеги цІикІкІун Аллагь разилъуледухъ кІалал ккезеги цогидаб гІибадат гьабизе ва хьвада-чІвадизеги, гьединго унго-унгояб къагІидаялда Аллагьасдаса хІинкъизеги сахлъиялдагун иманалда ва рохалида хутІаги нилъ ва тІолабго бусурбанлъиги! Амин!

# ГЬЕРСИХЪАНЛЪИ-АЛЛАГЬАС НАГІАНА КЬУРАБ ПИША

Аллагьасул калам Къуръаналъул аят буго: **«Дица лагІнат лъола гьереси бицине»,-**ян. ЛагІнаталъул магІна ккола Аллагьасул гурхІел-рахІмуялдаса вачахъи абураб.

Ибну МасгІудидас бицараб хІадис буго Аварагас (с.т.гІ.в.) абуна: «Нужеца тІадчІей гьабе битІараб бициналда, битІараб бициналъ лъикІлъиялде рачуна,лъикІлъиялъ рачуна Алжаналъуре. Нуж цІуне гьереси бициналдасан, гьелъ инсан вачуна къосиналде, гьелъги рачуна жужахІалъуре. Ва Аллагьасда цевеги гьев кидаго хутІила гьерсихъанлъун».

Гьединго буго гьадинаб хІадисги «Мунафикъасул лъабго пиша гІаламат буго:жинцаго бицунелъулъ гьереси хІалтІизаби, жинца гьабураб къотІиялъе хиліплъи, жинде гьабураб божилъиялъулъ рекІкІ гьаби. Гьединав чи как баниги кІал ккуниги бусурбанав чи вугилан чІаниги мунафикълъун хутІула»,-ян Муслимидасан ва Бухариясдасан бачІараб .

Абу ЯгІладидасан бачІараб хІадис: «Аллагьасул лагъ иманалде щвеларо гьес махсаро-хочІги, гьересиги ва дагІба рагІиги тезегІан»,-ян.

АхІмад имамас ва ТІабранияс бицараб хІадис: «Лагъасул иман камиллъиларо, гьес гьересиги махсаро-хочІги, ва, хІатта, жив витІарав вугониги, дагІба-рагІи тезегІан.

Малик имамас бицараб хІадис . Аварагасда (гІ.с.с.) гьикъанила: «Муъмин хІинкъулев вукІунищ ян, Аварагас абуна вукІунилан. Аварагасда (гІ.с.с) гьикъанила муъминчи бахилав вукІунищан. ВукІунаян абунила аварагас (гІ.с.с.). Муъминчи гьерсихъан вукІунищилан, вукІунароян жаваб кьуна Аварагас (гІ.с.с)»

Абу Давудидасан бачІараб хІадис: «Эбелинсуе лъикІав вукІиналъ чиясул гІумру цІилъула, ай халалъила, гьерсица рикъзиялъулъ мукъсанлъи ва баракат гьечІолъи бачІинабула»…

Термизи имамас бицараб кьучІаб хІадисалда буго: «Лагъас гьереси бициндал, гьесдасан малаикзаби милалъул манзилалда рикІкІалъула гьереси бицунаго гьесдасан бачІунеб квешаб, рокьукъаб махІалдасан хІинкъун».

Муслимица бицараб хІадис: «Лъабго гІадамал руго жал Аллагьас кІалъазаризеги гьечІел ва Аллагьас жал рацІцІад гьаризеги гьечІел ва жидее цІикІкІараб гІазабги букІинесел. Гьел ккола зиначи, гьересичи,ва чІухІарав мискинчи»

ШапигІи имамас абуна: «Инсанас хабар бицунаго гьоркьоб жинда кьучІ лъалареб, ай битІарабищ мекъабищ бугеб лъалареб ва битІараблъунги букІине ва гьересилъунги букІине бегьулеб жо бицинги ккола гьереси бицинлъун»,-ян.

Цо кІудияв, дунялалдаго цІар рагІарав гІалимчияс абуна: «Гьереси бицунгутІи, ай битІараб гурого бицунгутІи буго диналъул хІуби, адабалъул цо букІон ва гІаданлъиялъул аслуги»,-ян.

Греказул цевегосев философ ва гІалимчи Арсататалица абуна: «БитІарабги бицун хвезе бокьила, гьересиги бицун чІаго вукІиналдаса»,-ян.

ТІадехун рехсарал Аварагасул (гІ.с.с) хІадисаздасан нилъеда бихьулеб буго гьересиялъул нахъегІанлъиги, хІалихьалъиги ва бахьикъосилъиги. Гьеб нилъеда бихьулеб буго нилъерго гІумруялъулъги. Цояз гьереси хІалтІизабулеб буго живго ва жиндирго кІигьумерчилъи, мекъал ишал цІуниялъе алатлъун, цогидаз гьеб хІалтІизабулеб буго расниги гІайиб гьечІел гІадал чІегІер ва жалго цІакъаллъун гьаризелъун, лъабабилез жидерго цІакъго хъубал ва нахъегІанал мурадазе гІоло. Амма гьел киналго тайпаби руго нажасал, ай Аллагьас нагІана кьурал гІадамал.

***АхІмадудин-хІажи,***
***машгьурав исламияв гІалимчи.***



ОАО «Межрегиональная распределительная сетевая компания Северного Кавказа»

ОАО «Дагэнергосеть»

## ИЗВЕЩЕНИЕ

Доводим до Вашего сведения, что согласно Постановления №160 Правительства Российской Федерации от 24.02.2009 «О порядке установления охранных зон объектов электросетевого хозяйства и особых условий использования земельных участков, расположенных в границах таких зон» в охранной зоне линии электропередачи, которая составляет 10 метров по обе стороны линии, без письменного согласия электросетей в ведении которых находится линия.

**ЗАПРЕЩАЕТСЯ:**

-производить строительство, капитальный ремонт, реконструкцию или снос любых зданий и сооружений.

-осуществлять всякого рода погрузочно-разгрузочные, взрывные, мелиоративные работы, производить посадку и вырубку деревьев и кустарников, устраивать загоны для скота, сооружать проволочные ограждения, шпалеры для виноградников и садов.

-совершать проезд машин и механизмов, имеющих общую высоту с грузом или без груза от поверхности дороги более 4,5 метра, а по грунтовым дорогам и бездорожью 3,5 метра.

Запрещается, также производить какие-либо действия, которые могут нарушать нормальную работу электрических сетей, привести к их повреждению или несчастным случаям, в частности:

-набрасывать на провод, опоры и приближать к ним постаронные предметы, а также подниматься на опоры.

## РАСПИСКА

Извещение ОАО «Дагэнергосеть» Ботлихский РЭС об ответственности из- за непринятия мер по охране высоковольтной линии.

**ЗАПРЕЩАЕТСЯ:**

-складывать корма, солому, дрова и другие материалы, разводить огонь ( в охранных зонах линий электропередачи)

-устраивать всякого рода свалки ( в охранных зонах ЛЭП)

-загромождать проходы и подъезды к объектам электрических сетей.

-размещать автозаправочные станции и иные хранилища горюче-смазочных материалов в охранных зонах электрических сетей.

-подвешивать на опорах линий электропередач рекламные щиты, кабели интернета.

В соответствии с типовой инструкцией по эксплуатации воздушных сетей линий РД 34.20.504-94 пункт 3.12.5.предприятие электрических сетей имеет право приостановить работы в охранной зоне ЛЭП выполняемые посторонными организациями и гражданами с нарушением требований Постановления №160 Правительства Российской Федерации от 24.02.2009 «О порядке установления охранных зон объектов электросетевого хозяйства и особых условий использования земельных участков, расположенных в границах таких зон» , и сообщать в местные органы исполнительной власти о невыполнении требований этого Постановления для принятия мер по привлечению к ответственности в установленном порядке должностных лиц и граждан, виновных в этих нарушениях.

Все сообщения и переговоры производить по адресу: с.Ботлих .Ботлихский РЭС.

**Начальник Гаджибатыров Г.А.**

# ГІадамазе баяналъе

ГІемерал рукІунел руго хІужаби ток къотІун бугилан нижехъе гІарзалъе рачІунел. ХІурматиял гІадамал, нижеца ток къотІула нижехъе къотІизе гьабеян заявка бачІун хадусала. Нагагьлъун, нужеда тІад налъи батанани, монтералги хІинкъизе гьарун, иш тІубаларо. Налъи кьезе нужее бихьизабун букІуна 48 къо. Гьелъул хІакъалъулъ гъулбасараб кагъатги букІуна нужехъ. Нагагьлъун 48 къоялда жаниб налъи бецІичІонани гьеб заявка бачІуна нижехъе. Ва нижеца нужеда тІад налъи батаниги батичІониги ток къотІула.

Цо-цо хІужаби рукІуна гІарац кьунаниги мекъи ккун ток къотІиялъул, хІатта рукІуна прокуратураялде ккаралги. Гьединан иш батанани роцІинабизе ине ккола энергосбыталде.

Гьединго лъазе ккола токил кваразда тІохалдаги гьоркьоб лъабго метра борхалъи букІине кколеблъи. Гьедин батичІони живго рукъалъул бетІергьанас жиндирго гІарцухъ токил кварал цогидаб рахъалдасан рачине ккола. Монтерал нижеца чІорого кьела, сурсатал бетІергьанчияс жинцаго чІезаризе ккола.



## ДАГЪЭНЕРГОСЕТАЛЪУЛ ЛЪАЗАБИ

Россиялъул Федерациялъул 2009 соналъул 24 февралалъ бахъараб №160 абилеб «О порядке установления охранных зон объектов электросетевого хозяйства и особых условий использования земельных участков расположенных в границах таких зон» Постановлениялда рекъон электропередачаялъул линиялъул гІорхъи бихьизабун буго районалдаса росабалъе щвезегІан унел 10 метр, росабалъ жанир 2 метр кваранисa ва квегІиса.

Гьеб ракьалда гьукъараб буго мина базе, ремонтал гьаризе, бокьараб зданиялъул снос яги реконструкция гьабизе, бегьуларо цІолеб, чІехьолеб, кьвагьулеб хІалтІаби гьаризе,боцІи къотІизе, гьутІби чІвазе, ахал гьаризе, тІад къайигун яги къайи гьечІого 4,5метралъул борхалъи кколеб бугони машинаби рачине. Гьединго гьукъараб буго кинаб бугониги хІалтІи гьабизе токил кваразе жагъаллъи кколеб ва цІа ккеялъе хІинкъи кьолеб бугони. Гьединго бегьуларо гьениб солома, цІул лъезе ва цІа бакизе, свалкаби гьаризе, интерненталъе кабелал рачине яги рекламаби чІвазе. Гьел гІурхъаби хвезарун хадусала ккараб зарал нижеца бецІуларо.

Гьал тІадехун рехсарал гІурхъаби цІуничІони, ай №160 абилеб Постановлениялъул гІурхъи хвезабунани, инструкциялда рекъон нижер ихтияр буго гьениб хІалтІи къотІизабизе ва бакІалъулал гьеб иш тІаде кколеб идараялдаги лъазе гьабун тамихІалде цІазеги руго.

***ХІажбатир ХІажбатиров, райэнергосеталъул нухмалъулев***

## Колонка прокурора

### О финансировании избирательных кампаний по выборам в органы местного самоуправления

В силу ч. ч. 1 и 7 ст. 57 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» финансирование расходов, связанных с подготовкой и проведением выборов, осуществляется в соответствии с утвержденной бюджетной росписью о распределении расходов соответствующего бюджета, но не позднее чем в десятидневный срок со дня официального опубликования (публикации) решения о назначении выборов.

В соответствии с ч. 1 ст. 1 и п. 1 ч. 3 ст. 21 Бюджетного кодекса Российской Федерации финансирование организации и проведения выборов осуществляется в рамках бюджетного законодательства.

Денежные средства на указанные цели перечисляются на счета, открываемые соответствующими избирательными комиссиями в учреждениях Центрального банка Российской Федерации, а в случае их отсутствия - в филиалах Сберегательного банка Российской Федерации.

Учитывая, что большинство избирательных комиссий муниципальных образований не являются юридическими лицами, банковские счета, на которые подлежат перечислению денежные средства на финансирование выборов, открываются ими на период подготовки и проведения конкретных выборов.

При невключении в муниципальный бюджет расходов на подготовку и проведение выборов, либо их планировании в недостаточном количестве, органы местного самоуправления должны до перечисления необходимого объема денежных средств на счета избирательных комиссий внести соответствующие изменения в бюджет.

Следует отметить, что при невозможности обеспечения выборов в органы местного самоуправления за счет средств местного бюджета в силу п. 4 ст. 4 Федерального закона от 26.11.1996 № 138-ФЗ «Об обеспечении конституционных прав граждан Российской Федерации избирать и быть избранными в органы местного самоуправления» финансирование осуществляется за счет средств бюджета соответствующего субъекта Российской Федерации.

Эти же правила применяются при непринятии в муниципальном образовании бюджета на очередной финансовый год, признании Совета депутатов неправомочным.

В силу ст. 2, ч. 7 ст. 10 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» решение о назначении выборов подлежит официальному опубликованию в СМИ не позднее чем через пять дней со дня его принятия.

Со дня официального опубликования (публикации) решения о назначении выборов начинается избирательная кампания и определяются все ее этапы.

Статьей 5.21 КоАП РФ предусмотрена административная ответственность за неперечисление, а равно перечисление с нарушением установленных законом сроков органом местного самоуправления, наделенными соответствующими полномочиями по перечислению средств, кредитной организацией, отделением связи средств избирательным комиссиям, комиссиям референдума, кандидатам, избирательным объединениям, инициативным группам по проведению референдума, иным группам участников референдума.

Федеральным законом от 24.11.2014 № 355-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросу финансовой отчетности политических партий, избирательных объединений, кандидатов на выборах в органы государственной власти и органы местного самоуправления» установленный ст. 5.21 КоАП РФ размер административного штрафа для должностных лиц (от трех тысяч до пяти тысяч рублей) повышен в 10 раз, и составил от тридцати до пятидесяти тысяч рублей.

Факт отсутствия бюджетного финансирования муниципальной избирательной кампании может рассматриваться также как воспрепятствование работе избирательных комиссий, за что предусмотрена уголовная ответственность по ст. 141 УК РФ.

**И.О. прокурора района,**
**младший советник юстиции Д.А. Джабраилов**

## ТОХТУРАСУЛ МАЛЪА-ХЪВАЯЛ

# БРУЦЕЛЛЕЗАЛДАСА ЦIУНИЗЕ ККОЛА

Цо-цояз абула бруцеллезалъ боцIуда гъорлъ ругел гIададамал гурони унтуларин. Гьеб буго кутакалда мекъаб пикру. Гьеб унти ккола боцIуда гъорлъ ругезде гуребги, гьелъ унтараб гIи-боцIул продуктаби кваналел гIададамаздеги бахунеб унтилъун. Жакъаги гьеб унти ккола гIи-боцIуда гьоркьоб бищунго тIибитIарабги ва гьелъул продуктабаздасан гIададамаздеги бахунеб квешаб унтилъун.

Гьеб цоцахъе кьола гIалхул ва рукъалъул хIайваназ, гIияз, гIункIкIаз, болъоназ, чIегIербоцIуца, чуяз ва цогидазги.

Гьелъ унтиялъе цIикIкIун рес буго гIи-боцIуда гъорлъ ругел, гьезие хъулухъ гьабулел гIададамазул. Гьеб тIибитIизабулел микробал (бруцеллал) гIададамазул чорхолъе ккола гьеб унтиялъ унтун бугеб боцIул рахьалдасанги, щаридалдасанги, тIом-тIехьалдасанги. Гьединго боцIуе хъулухъ гьабулаго рацIцIа-ракъалъи, цIодорлъи цIунунгутIиялъги чорокаб ретIел ретIиялдасанги.

Бруцеллал чорхолъе ккола хIетIе-кверазда, гъурмада ругел хъарсарал, къотIарал бакIаздасан ва бидулъе лъугьуна хехаб къагIидаялда. БатIаго хекко гьеб микробал чорхолъе ккола бруцеллезалъ унтараб боцIи хъолеб, къинлъулеб, ччукIулеб, ургъимес чурулеб мехалъ. Гьелъ унтизе бегьула бокьараб ригьалъул гIададамал, батIаго цIикIкIун 15-17ялдаса 40-45 соназда ругел.

Цебего гIадин жакъаги, гьеб унти гIезегIанго тIибитIун буго боцIудаги гIададамаздаги гьоркьоб. Гьелъие ругел гIиллабазул аслияблъунги ккола ветеринариял специалистазул малъи-тIалабалда рекъон, бруцеллезалъ унтараб боцIи, гьелъул бетIергьабаз жиндир заманалда тIагIинабунгутIи. Гьеб рахьалъ нилъер районалъул росабалъги гьечIо беццизе ккараб хIал.

Гьеб унтиялъул бактериязул къуват халат бахьун цIунун букIуна. Гьел холаро 100-120 градусалъул багIариялда гъорлъ гурони. Рахьдалъ, хIанилъ, нахулъ ва гьаналъ гьел цIунун рукIуна цIакъго цIикIкIун заманалда. БатIаго цIикIкIун хIинкъи букIуна хIанидаса унти бахиналъе. Термическияб обработка щолареб гьеб 70-75 къоялъ цIамул лъадалъ букIине ккола.

***Киналха ругел гьеб унти бахун букIиналъул гIаламатал?***

Гьел загьирлъула чорхолъе гьелъул микробал ккарабги 6, 18, 21 къоялдасан. Борхула чорхол цIа, бала гIетI, кванил, макьил тIагIам хола, свакан рукIуна, берал унтула, чорхолъе чIамучIлъи бачIуна, байбихьула дагь-дагьккун рукьби, ччорбал, рищалаби унтизе.

Гьединаб хIал бугони, грипп бугиланги ккун, тохтурасухъего инчIого дараби гьекъолел рукIуна гIемерисел гIададамал. Амма гьеб заманалдаса пайдаги босун бруцеллалги гьединазул чорхое кIвараб зарал гьабулел рукIуна. Унтула чIахIиял рищалаби, рада-радал бусадаса рахъине кIолареб хIалалде ккола. БатIаго цIикIкIун унти букIуна рохо-къотIиялда, наказул бутIрузда, захIматго унтизе бегьула нерваби. Жиндир заманалда дару гьабичIони гьел унтаби цIикIкIуна ва рищалабазулъги рукьбузулъги хиса-басиял лъугьуна: гьорола, риццалъула, суставазул рукIкIалабазулъ хиси ккола ва унти гIумруялъулалде, ай хроническиялде сверула ва зама-заманалдаса гьелъ жибго лъазеги гьабула лъикIго.

КигIанго рес гьечIониги гьеб унтиялъул гIаламатал загьирлъарабго больницаялда регизе ккола ва тIадчIчIун дару гьабизе ккола. Гьелъие рихьизарун руго антибиотикал, витаминал, вакцина. Больницаялдаса хадуб 3 соналъ тIатIалаго ине ккола санаториялде, хIарщул больницаялде. ТIадчIезе ккола физическияб рахьалъ черх лъадариялда, гьабизе ккола физиотерапия, массаж.

Жакъа гьеб квешаб унтиялъ унтулел руго жидер рокъоб цониги хIайван гьечIелги. Гьединлъидал бича-хисулеб гьан, рахьнису ветеринарияб хал гьабураб бугищалиялде цIакъ кIвар кьезе ккола. КIудияб кIваралъулаб ишлъун ккола лъагIалида жаниб цо нухалъ боцIул ветеринарияб хал гьаби ва унтиялде данде чIолел дараби-уколал гьари. Гьебго тадбир тIобитIизе ккола боцIулгун хурхен бугелщиназда гьоркьобги.

Медицинаялъулги ветеринариялги тадбиразда гIей гьабун чIечIого щивав чияс цIунизе ккола жидерго боцIул сахлъи. Кинго бегьуларо унтараб боцIи ветеринариял хIалтIухъабаздаса бахчизе. Щай гурого гьездаса сахаб боцIудеги ва гIададамаздеги рахуна бруцеллез, туберкулез, крымская лихорадка, сибирская язва ва цогидалги рахунел унтаби, гIемерлъула унтаби ва гьез гIаммаб захIмалъиялде рачуна.

Воре, гьединаб хIалалъе квербакъулелъунги ва нужерго сахлъиялъул къимат гьабулареллъунги рукIунге!

***Ж. ПАХРУДИНОВА,***
***райбольницаялъул тохтур-инфекционист***


Газета гIуцIарал: Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

Учредители: Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

БетIерав редактор ГI. ГIумаханов

Редакторасул заместитель А. Агъларов

Жавабияй секретарь З.ГIумарова

Отделалъул редакторал Ш. Лабазанов, П. Дибирова

ГЬУДУЛЛЪИ
Тираж 1000

Мухбирзаби З.МухIамадова/М.ГIумаханова

Наборщица П. Эльдарова

Фотокорр. Ш.Муртазалиев

Дизайнер А. Назирбекова

Программист А. Ибрагьимова

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Эл. адрес druzhba555@mail.ru